

Ane sa a vaksen kont grip kapab youn nan vaksen ki pi enpòtan ke w pa janm konn abitye pran!

Pandemi COVID-19 la kapab lakoz sezon grip (influenza) ane sa a tounen yon gwo defi ke nou pa janm fè fas. Pran vaksen kont grip ou a bonè anvan viris grip la kòmanse simaye nan kominote a. Pwoteje tèt ou, fanmi w, vwazen w ak kòlèg ou yo.

Poukisa li si enpòtan pou nou pran vaksen kont grip ane sa a?

Li posib pou w gen alafwa grip la ak COVID-19. Vaksen kont grip la kapab:

- + Sove lavi w. Ane dènye, plis pase 35 milyon moun nan Etazini te malad ak grip, plis pase 490,000 te entène epi plis pase 34,000 te mouri akòz lagrip
- + Redui risk pou w malad ak grip ansanm ak tout bezwen pou w entène lopital
- + Redui risk pou w ta gen plis maladi ki grav ak konplikasyon si w ta gen COVID-19 tou

Kiyès ki sipoze pran vaksen kont grip?

Tout Nouyòkè sipoze pran vaksen kont grip, men espesyalman:*

- + Timoun ki poko gen 2 lane
- + Granmoun ki gen plis pase 65 lane
- + Moun ki ansent oswa ki fenk akouche
- + Rezidan ki nan mezon enfimye ak estaf yo
- + Moun ki gen pwoblèm medikal tankou moun ki fè sik, opresyon, VIH, maladi ren ak kè
- + Adilt ak fanmi ki ap viv nan yon katye nan Nouyòk ki frappe anpil ak COVID-19
- + Tout travayè ki nesesè yo (Essential workers), espesyalman travayè ki ap bay swen sante

Ki meyè mwayen pou pwoteje tèt ou ak lòt yo kont grip ak lòt maladi respiratwa?

- + Pran vaksen kont grip
- + Kenbe woutin pou lave oswa pase dezenfektan nan tout men w
- + Evite touche zye w, nen w ak bouch ou
- + Mete yon mask, epi asire w li kouvri nen w ak bouch ou
- + Si w santi w malad, rete lakay epi pran yon randevou ann ijans nan telefòn oswa sou entènèt ak youn nan doktè nou yo
- + Pase yon tès COVID-19 – yo gratis, san danje epi konfidansyèl

*Sous: Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention, CDC)

Grip ak COVID-19 - Kisa w sipoze konnen?

 GRIP (INFLUENZA)	 COVID-19	 TOULÈDE
+ Se yon enfeksyon respiratwa (respirasyon) ke viris Influenza a lakoz + Moun ka bay li fasil fasil, oswa li ka simaye apati de yon moun a yon lòt, pou 7 jou + Li kapab trete ak medikaman Ajans ki kontwòle Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) apwouve yo ki sible viris grip la + Ou kapab fè prevansyon grasa vaksen kont grip la	+ Yon enfeksyon respiratwa kowonaviris SARS-CoV-2 lakoz + Sentom yo ka devlope ant 2 ak 14 jou aprè yon enfeksyon + Kapab lakoz ou pa pran gou ak pa pran sant + Kapab lakoz boul san nan venn ak nan atè poumon, kè, pye oswa sèvo w + Kapab lakoz sendrom anflamasyon miltisistèm (multisystem inflammatory syndrome) lakay timoun yo + Pa gen vaksen ki disponib pou li	+ Maladi respiratwa ki kontajye ki kapab lakoz gwo maladi ak lanmò + Li simaye atravè ti gout nan lè a nan yon distans mwens pase 6 pye (2 mètr) lè yon moun touse, pale oswa chante + Simaye atravè je, nen, bouch + Moun yo kapab simaye viris la menm lè yo pa gen sentom + Sentom: fyèv, frison, tous, souf kout, difikilte pou respire, fatig, gòj fè mal, nen k ap koule epi ki bouche, doulè nan misk, doulè nan kò, tèt fè mal, vomisman, dyare + Konplikasyon: nemoni, detrès respiratwa, defayans respiratwa, sepsis, detrès kadyak + Li posib pou gen toulède viris yo an menm tan + Itilizasyon pwoteksyon vizaj kapab anpeche li simaye + Lave men souvan ka anpeche li simaye

Vaksen kont grip la san danje, li rapid epi li disponib pou yon ti kras kòb oswa gratis nan tout adrès kote NYC Health + Hospitals nan chak minisipalite. Pran vaksen kont grip ou an jodi a! Al gade nan nychealthandhospitals.org oswa rele nan 1-844-NYC-4NYC (1-844-692-4692) pou w jwenn yon adrès ki tou prè w.

Viv byen, viv an bòn sante. **NYC HEALTH+ HOSPITALS**